



Pon River Street la ap Fèmen

Reyinyon Piblik Vityèl pou Enfòmasyon

Sa k ap pase ?

Depatman Transpò nan Massachusetts (MassDOT, ki rele tou "Massachusetts Department of Transportation") ap òganize yon reyinyon piblik vityèl pou enfòmasyon, pou bay manm kominote nan zòn Hyde Park yo dènye nouvèl ki genyen sou travay y ap eseye fè pou ranplase pon River Street Bridge la, ki pase anlè Amtrak/MBTA Northeast Corridor.

Yo tabli yon adrès elektwonik espesyal pou pwojè a, ki se hydeparkriverstbridge@dot.state.ma.us; adrès sa a dwe sèvi kòm yon pwèn rankont, pou manm kominote yo kapab genyen yon kote pou gade dènye enfòmasyon ki parèt, ak pou fè konnen pwoblèm yo, ak jwenn repons pou kesyon yo.

Kilè

MADI 7 MAS 2023

6:00PM

Pou Patisipe

<https://www.mass.gov/orgs/highway-division/events>



Gade nan adrès <https://www.mass.gov/orgs/highway-division/events> pou plis enfòmasyon.



Lokal reyinyon sa a aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa konn pale angle byen. MassDOT ap fè aranjman rezonnab ak / oswa bay asistans nan lang si yon moun mande, san fè li peye, toutotan sa posib. Pou mande fè aranjman oswa pou mande asistans entèprèt, tanpri kontakte Responsab MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan nimewo telefòn (857) 368-8580, fax (857) 368-0602, relè 7-1-1, oswa nan adrès mesajri MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Demann yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvab davans, anvan jou reyinyon an.

Pou poze kesyon sou pwojè a, ou mèt voye yon mesaj elektwonik tou nan adrès

MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us

Voye nenpòt kesyon ekri sou travay yo pwopoze a bay : **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: Project Management, PROJECT FILE NO. 606901.**